# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

आजु जन औषधि दिवस हौ। जेनेरिक दवाई के इस्तेमाल के बढ़ावे बदे ई दिन मनावल जाला। प्रधानमंत्री कहलें हवे कि जन औषधि दिवस लोगिन के उच्च गुणवत्ता अउर सस्ता दवाई उपलब्ध करवले क सरकार क प्रतिबद्धता के दरसावेला। सोशल मीडिया पर एगो पोस्ट में श्री मोदी कहलें कि गुणवत्तापूर्ण दवाई अब देस क हर कोना ले पहुंचि रहल हौ अउर जनऔषधि मॉडल अब दुनिया के प्रेरित कइ रहल हौ। केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रकाश नड्डा कहले हवे कि प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि परियोजना, अच्छी भी, सस्ती भी मंत्र के साथे सज्जो लोगिन बदे स्वास्थ्य सेवा में क्रांतिकारी बदलाव ला रहल हौ।

**2027 तक प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जी नेतृत्व में 25 हजार जन औषधि केंद्र खोलने का लक्ष्य रखा गया है जिससे और अधिक लोग सस्ती और अच्छी दवाओं का लाभ उठा सकें। हर साल सात मार्च को जन औषधि केंद्र के रूप में यह दिवस मनाया जाता है। इस वर्ष भी लगभग पांच हजार नए जन औषधि केंद्र खोले जाएंगे।**

केंद्रीय स्वास्थ्य राज्यमंत्री अनुप्रिया पटेल कहलिनि कि जनऔषधि क पहल करोड़ो लोगिन के जीवन के बेहतर बना के स्वास्थ्य के क्षेत्र में बरदान साबित भइल हौ।

ऐह मौका पर प्रदेस के कई गो जिला में अलगि–अलगि कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। बनारस जिला क पंडित दीनदयाल उपाध्याय राजकीय चिकित्सालय में भइल आयोजन में प्रदेस सरकार के आयुष खाद्य सुरक्षा अउर औषधि प्रसासन राज्यमंत्री स्वतंत्र प्रभार डाक्टर दया शंकर मिश्र दयालु सामिल भइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मथुरा जिला के बरसाना पहुंचि के आजु रंगोत्सव कार्यक्रम क शुभारंभ कइलें। उहां के राधा बिहारी इंटर कॉलेज में स्थानीय लोगिन  के साथे फूल क होरी खेललीं। मुख्यमंत्री एह मौका पर पूजा अरचनों कइलें। लोगिन के होरी तिउहार के बधाई देत उहां के कहलीं कि सरकार अजोध्या अउर कासी के तरियन ब्रज क्षेत्र का विकास करी ।

**यहां का विकास होगा। पूरा विकास होगा। जैसे अयोध्या में, जैसे प्रयागराज में, जैसे काशी में, जैसे मां विन्ध्यवासिनी धाम में आपको दिखाई दे रहा है। यही हर विकास के कार्य यहां पर इसी रूप में आगे बढ़ेंगे।**

एह से पहिले गोरखपुर में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस के पहिले मुख्यमंत्री पंडित गोविंद बल्लभ पंत के पुण्य तिथि पर पंडित दीन दयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्विद्यालय के पन्त पार्क मे उनके मूरती पर फूल चढ़वलें। एह मौका पर उहां के कहलीं कि पंडित गोविंद बल्लभ पंत देस क महान स्वतंत्रता सेनानी रहलें। उहां के एगो बढ़ियां ओकीलो के रूप में कार कइलीं। हिन्दी के राजभासा के रूप में स्थापित कइलें क श्रेयो पंडित गोविंद बल्लभ पंत जी के जायेला। गोरखपुर दौरा के तीसरका दिन्ने आजु भिन्नही गोरखनाथ मंदिर परिसर में मुख्यमंत्री जनता दरसन कार्यक्रम के दौरान लोगिन के समेस्या सुनलें।

**********

बनारस जिला में आजु से तीनि दिन्न ले चले वाला बनारस लिट फेस्ट सुरू हो गइल। असम के राज्यपाल लक्ष्मण आचार्य, राज्यसभा के उपसभापति हरिवंश अउर नोबेल पुरस्कार बिजेता कैलाश सत्यार्थी एकर उद्घाटन कइलें। ऐह मौका पर असम के राज्पाल लक्ष्मण आचार्य कहलें कि कासी में ऐह तरह क आयोजन बहुत फायदेमंद साबित होई। येहवां एक से बढ़ के एक साहित्यकार रहलें जवन आपन रचना से देस के एगो नया दिसा दिहलें। बनारास लिट फेस्ट में सामिल भइले बदे देस विदेस से सात सौ लोगि कासी पहुंचल हवें।

**********

जौनपुर जिला में दस मार्च से जौनपुर महोत्सव मनावल जाई। ई बारह मार्च ले चली। ई जनकारी प्रदेस सरकार में खेल अउर युवा कल्याण राज्यमंत्री स्वतंत्र प्रभार गिरीश चन्द दिहलें। उहां के बतउलीं कि ई तीनि दिन्न ले चले वाला कार्यक्रम जौनपुर के साही किला में होई। एहमें सांस्कृतिक सामाजिक अउर धार्मिक झलकियो देखे के मिली।

**********

बिहने अन्तर्राष्ट्रीय महिला दिवस हौ। राष्ट्रीय महिला आयोग येह मौका पर बिहने नई दिल्ली में अखिल भारतीय अधिवक्ता परिषद के सहायोग से एगो अखिल भारतीय महिला सम्मेलन क आयोजन कइ रहल हौ। दुइ दिन्न के सम्मेलन में देस के कई गो हिस्सा से करीब एक हजार अधिवक्ता हिस्सा लिहें। ओही येह मौका पर महिला लोगिन के बनारस के कासी विश्वनाथ धाम में द्वार संख्या चार बी से बिहने असानी से दरसन क सुविधा उपलब्ध करावल जाई। धाम क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्वभूषण ई जनकारी दिहलें।

**********

मां बेल्हा देवी प्रतापगढ़–पिरथीगंज–मां बाराही देवी धाम–गौरा रेलखंड पर आवे वाला बीस से छब्बीस मार्च ले ट्रेन क संचालन बाधित रही। उत्तर रेलवे क लखनऊ मंडल में आवे वाला ऐह रूट पर चार गो ट्रेन निरस्त कई दिहल गइल हौ, जबकि कई ट्रेन के रूट बदलि के चलावल जाई।

**********

प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाका में आवे वाला पांच दिन्न के दौरान तापमान में बढ़ोत्तरी होई। मौसम विज्ञान विभाग के ओरि से जारी पूर्वानुमान के हिसाबि से एह अवधि में अधिकतम तापमान तीन से पांच डिग्री सेल्सियस, जबकि न्यूनतम तापमान दुइ से चार डिग्री सेल्सियस बढ़ी सथही येह हप्ता मौसम सुक्खल रही।

**********